

Mo Kwaze ak Iv Dejan
Theresa Murray, Inivesite Laflorid

1. Sistèm gramè ak Mo Kwaze

Tankou Dejan, m kwè moun konnen sistèm sentaks ak sistèm gramè menm si yo pa konnen yo konnen sa nan tèt yo. Mwen kwè, menm si moun pa kapab li ak ekri, yo konnen ki jan pou pale pou lòt moun kapab konprann yo. Depi moun benyen nan yon lang, epi sèvi ak yon lang, menm si yo trè piti, y ap konnen si bagay y ap di pa fè sans nan lespri yo. Tout ti egzanz Dejan bay esplike sa nan yo bon jan, epi m te byen kontan e m te konprann Dejan (lè sa a).

Dejan di yon bèl bagay lè li pale sou moun ann Ayiti ki pa gen vokabilè franse nan tèt yo. Paske moun ann Ayiti leve nan kreyòl, se sistèm gramè sa a yo ta dwe sèvi avèk. Se byen terib, lekòl ann Ayiti ap fè tèt timoun pete paske yo fè lekòl an Franse. (M vle di ke m pat konprann Franse a Dejan te ekri— pou ki sa li fè sa?) Pwofesè yo ta kapab esplike yon kantite gwo bagay difisil nan kreyòl, epi tout timoun yo ta kapab vrèman vre aprann. Pwofesè yo pa ta bezwen grennen lang Franse a san timoun yo konprann lide a. Tout peyi a ta kapab avanse paske sèvo moun ki te gen tan ale nan lekòl ta kapab ede lòt moun (ki pa gen edikasyon) ranje bagay nan Ayiti. Lè se repete w ap repete yon bagay ki pa fè okenn sans, ki jan w ap kapab konprann ni aprann anyen? Sitiasyon sa a se yon gwo betiz, epi viktim betiz la se tout timoun nan lekòl ann Ayiti!

Si m panse sou Mo Kwaze, m kwè nepòt jan moun ann Ayiti kapab vin li ak ekri se yon bon bagay: Mo Kwaze bay yon chans pou sa. M kwè Dejan ta byen kontan si kreyòl ta vini pi rekonèt (epi pi respekte) nan lavi moun nan Ayiti epi yon jwèt se yon bon jan pou prezante yon lide san moun konnen se edikasyon vre. Si nou ta fè timoun konnen jwèt la, nou ta kapab fè granmoun enteresen ladann tou.

2. Mo Kwaze nan legliz

Lè m panse sou Dejan pou semenn sa a, m kwè Dejan ta kontan si nou ta kapab fè Mo Kwaze yon bagay moun ta kapab jwenn nan legliz, oubyen apre legliz, lè tout moun ap pale epi fè ti koze yo. Dejan te ekri sou moun nan legliz, epi li di nou si yo pa vle vin tèt anba (tankou sistèm lekòl), yo te bezwen fè legliz nan kreyòl paske se sa tout moun konprann vreman. M kwè anpil moun nan Ayiti konn ale nan legliz, epi si nou ta mete Mo Kwaze nan kote sa a, anpil moun ta kapab vin aprann sistèm òtograf kreyòl. Nou ta kapab rele li yon pwojè pou lasante kominotè a, epi moun konn respekte bagay konsa. Si granmoun ak timoun jwenn jwèt sa a nan yon legliz, yo ta kwè li te yon bon bagay, pa yon jwèt pou moun nan lari. Nou ta kapab popilarize jwèt la konsa.

3. Mo Kwaze se yon zouti

Dejan pale nan chapit sa yo sou plizyè lòt lang ki pi konplike pase kreyòl. Paske Dejan se yon moun ki lengwis, epi m wè li fè anpil tan panse ak pale sou kreyòl (ak lòt lang), m kwè l ap bay verite. Li di nou kreyòl sèvi ak 26 oubyen 27 son diferan, epi li gen yon bon sistèm òtograf ki ofisyèl, modèn epi regilyè depi 1980. Pou rezon sa a, nou ta kapab montre moun ann Ayiti ki jan pou yo vin li ak ekri an bon kreyòl pi fasil pase franse. Mo Kwaze a bay nou yon zouti pou sa. Lè moun ap konpoze ti mo yo, y ap aprann kanmenm. Nou ta sèlman bezwen te gen moun kap jwe ki konn li ak ekri kreyòl (epi ki fò ladan). Si nou ta mete yon ti diksyonnè nan jwèt la, li ta fè li pi fasil pou moun lè y ap aprann.

M panse nou ta dwe jwenn moun pou fè envèstisman nan jwèt Mo Kwaze paske san lajan, lap difisil pou nou mete l nan men moun Ayiti yo.

4. Tout lekòl ta dwe fèt an kreyòl

M byen kontan nou fini ak Dejan kounye a. Lè mpanse sou liv la, m wè Dejan se yon moun ki edike, epi m kwè li se yon nonm ki gen anpil lespri. M wè li pansé sou anpil bagay enpòtan moun ta dwe gade. M dakò avèk li lè li di tout lekòl ann Ayiti ta dwe fè tout pwofèsè yo fè tout leson an kreyòl. Men, li bezwen tandè lide sa a: li pale anpil sou menm bagay plizyè fwa, epi sa kapab anbete moun lè y ap li yon liv. Dejan bezwen konnen tout moun pa gen tèt di! Li pa bezwen di nou koze li a swasandan sèt fwa sèt fwa, non!

M kwè Dejan bay bon rezon ki esplike pou ki sa Ayiti pa kapab vin yon peyi ki gen pè lang. Menm si Ayiti kontinye itilize franse ak kreyòl, li di nou pa gen yon lòt peyi ki fè sa kounye a. Li pa pratik pou yon peyi ale chache yon lang etranje lè yo deja gen yon bon lang yo kapab sèvi avèk. Si Ayiti vle fè timoun vin granmoun ak bon sèvo, se pou yo ranje sistèm lekòl la. Se pou tout moun ann Ayiti jete vye lide ki di kreyòl pa bon, oubyen franse a pi bon pase kreyòl.

5. Mo Kwaze kapab ede moun

Mo Kwaze a kapab ede moun ann Ayiti vin pi alèz ak kreyòl pou lang prensipal e ofisyèl. Lè moun lelit yo wè kreyòl kòm yo gwo chèf jwèt, moun sa yo pa kapab di lang kreyòl pa yon vre lang. Moun lelit yo pral wè nan je yo kreyòl la se yon bèl lang ki gen bon òtograf. Moun ki rete an deyò kapab wè menm bagay la, epi yo kapab kenbe tèt yo wo, menm si yo pa konn pale franse a. Si tout pèp Ayisyen yo te konnen yon bel jwèt tankou Mo Kwaze an kreyòl t ap pwodui nan yon lòt peyi, tankou Zetazini, jwèt la ta kapab montre tout moun yo genyen yon lang ki vreman vre. Men, m kwè li ta pi bon si Ayiti ta pwodui jwèt la paske lajan an ta kapab ede yo.

6. Ki jan n ap jwe Mo Kwaze

M kwè li trè enpòtan pou nou vin konprann ki jan nou pral jwe Mo Kwaze. Lè nou t ap pale sou sa nan klas Ayisyen, nou te wè ki kalite pwòblem nou kapab jwenn lè nou jwe fonetik, oubyen pa fonetik. M kwè li ta byen si nou ta kapab jwe anpil jwèt fonetikman, epi anpil pa fonetikman pou nou kapab wè ki jwèt pase pi bon. M kwè li pral pran tan pou nou kapab wè ki jan ta pi fasil epi pi bon. Se pou nou devlope yon rezon ki fè sans pou youn oubyen lòt. M kwè li ta yon bon bagay si nou ta pale ak yon moun ki devlope Mo Kwaze nan yon lòt lang ki ta kapab pale sou sa pi byen. Se pou jwèt la bay yon jan pou mete mo ak plizyè let, epi lè m tap jwe, m wè sa tré difisil. M pa konnen si yon jan kapab fè jwèt la bay pi bon chans pou mete pi gwo mo.

Alfabetisasyon se yon bagay tout moun bezwen vin konnen. Lè m te tande nan klas 50% moun ann Ayiti pa konn li ekri, m vin sezi. Ak Mo Kwaze, nou kapab fè yon diferans nan lavi moun sa yo ann Ayiti. Nou kapab ede anpil moun ki p ap jwenn yon lòt chans pou fè sa. Anpil moun pòv p ap janm jwenn yon edikasyon nan lekòl, men m kwè anpil moun kapab jwenn jwèt sa a . Moun ki konn alfabetize kapab jwenn pi bon djòb, epi yo kapab fè plis lajan. Si nap mete plis lajan nan men moun pòv, n ap fè yon bagay ki vreman bon.

7. Se Ayisyen mwen ye

M wè menm, m renmen jwe Mo Kwaze an kreyòl. Lè m ap jwe, m santi m konn kreyòl la. M santi sa nan kò mwen, nan kè mwen epi nan lespri mwen. Li fè m kontan paske m konnen se moun Ayisyen m ye. Pa gen anpil moun ki kapab di sa. Manman mwe pa te kontan li te Ayisyen, epi sa rete avèk mwen. Lè m nan klas Ayisyen epi lè nap jwe, m konnen se moun Ayisyen mwen ye. Se pwofesè nou ki fe sa pi fasil paske se yon bon, bon pwofesè Ben ye!

Bibliyografi

Dejan, Iv. 2006. *Yon Lekòl Tèt Anba nan Yon Peyi Tèt Anba* Potoprens: Fokal